



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN
LAPOLIS ETA A LÒD POU YO MENNEN ANKÈT SOU YON ATAK ANTI-SEMIT NAN
BROOKLYN**

"Mwen konplètman endinye akoz yon lòt ensidan patipri ki te deja rive nan Brooklyn nan Samdi swa, lè yon moun sou yon bisiklèt te kriye ensilt anti-semit kont yon manm nan kominote Jwif nou an.

Menm jan plis pase 25,000 Nouyòkè te montre pandan mach solidarite yè a, lach sa yo ki te krache rayisans ak divizyon pa reprezante majorite Nouyòkè yo. Lè ou atake yonn nan nou, se nou tout ou atake, nou pral toutan rete soude pandan moman ki gen gwo twoubl sa yo epi kontinye montre lanmou nou ak sipò pou kominote Jwif la.

Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) enstriksyon pou li ede Depatman Lapolis New York la (NYPD) nan ankèt sou krim sa a, pou asire ke moun ki responsab yo sibi konsekans nan tout mezi lalwa prevwa a. Rasis ak anti-semitis pa sèlman repiyan pa rapò ak valè New York yo — men tou li anti-Ameriken epi li ilegal, e nou pral kanpe epi goumen kont li chak fwa nou wè li".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)